

# KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY


## SA KI LADAN:

- KES YON MOUN MANDE PI SOUVAN SOU 'COVID-19'
- KOMINIKASYON EFIKAS POU FANMI YO

NOVANM 2020

Bilten 13 | NIMEWO 68 |

## NOU GENYEN W REKONESANS



Pandan "Thanksgiving" (Jounen Remèsiman) an ap apwoche e nou kontinye ap navige atravè epòk san parèy sa yo, nou vle prezante remèsiman ki soti nan fon kè nou pou tout elèv, paran, pwofesè, administratè, anplwaye ak fanmi yo. Pandan 2020 se yo ane ki difisil e enprevizib, li montre n tou puisans koneksyon, kominote, e li ede nou reflechi sou sa ki vrèman enpòtan. Jodi a, nou pran opòtinite pou di MÈSI. Pandan nou kontinye ap travèse teritwa ensèten sa a, nou rekonesan

pou pasyans ou, pou konpasyon ou e pou angajman w nan edikasyon timoun nou yo.

Enstriksyon sou entènèt jwe yon gwo wòl nan distri lekòl nou an e nan kay yo atravè Miami-Dade County ane sa a, e li souliyen yon fwa ankò enpòtans wòl fanmi yo nan edikasyon pitit yo. Pou fanmi nou yo, mèsi pou sipò san fay nou bay Lekòl Leta Miami-Dade County e dèské ou vin vrè patnè nou nan edikasyon. Pou pwofesè nou yo, mèsi dèské nou ale

byen lwen pou asire tout elèv jwenn aksè a yon edikasyon klas mondal. Pou administratè nou yo, mèsi pou reseptivite ak direksyon nou. Pou tout anplwaye nou yo, kòmanse sou anplwaye netwayaj ak sèvis manje, mèsi pou travay ekstrawòdinè nou ap fè nan asire lekòl nou yo fonksyone san pwoblèm kòm espas ki an sante e an sekrite. Finalman, pou elèv nou yo, mèsi pou adaptabilite, responsablitè, ak rezistans nou. Nou konnen li pa t fasil, men nou kanpe ak nou – a sis pye distans.

Pandan nou ap konte jou pou Jounen Remèsiman an, nou envite w vin jwenn nou nan pataje poukisa ou rekonesan pandan sezón fèt sa a. Voye mesaj sou kont medya sosyal ou yo nan sèvi ak 'hashtag' #MDCPSGivesThanks e antre nan konvèrsasyon remèsiman nou an.

## "FLU" (GWO GRIP)



Pwoteje tèt ou ak fanmi w pandan gwo sezón flu a nan pran vaksen flu a. "Centers for Disease Control (CDC)" (Sant pou Kontwole Maladi) rekòmande yon vaksen flu chak ane pou chak moun ki gen sis mwa e plis kòm premye e etap ki pi enpòtan nan pwoteksyon kont viris la.

Kontakte founisè medikal ou pou pran yon randevou oubyen Depatman Sante Florid nan (786) 845-0550, ki pral bay vaksen flu gratis pou tout timoun ki poko gen 18 an.



## Kisa k ap pase si yon elèv tonbe malad nan yon lekòl?

Si yon elèv vin malad oubyen li gen siy COVID-19 pandan li nan lekòl la, y ap separe li avèk lòt elèv ak anplwaye yo e y ap mete l nan espas ki fèt pou sa nan lekòl la yo rele Chanm Izolasyon. Pandan elèv la nan Chanm Izolasyon an, yo ap suiv li. Distri a ap kontakte paran/gadyen yo e, si sa nesesè, moun ki sou lis kontak ijans elèv la. Yo ap enfòme paran/gadyen e/oubyen moun ki sou lis kontak ijans elèv la konsènan enpòtans pou yo vin chèche elèv ki malad la imedyatman pou pwoteksyon elèv la ak lòt elèv yo.

## Si yon elèv malad, kilè l ap kapab retounen lekòl?

Elèv ki gen sentòm jeneral maladi ki pa gen rapò ak COVID ap bezwen rete lakay jiskaske yo pa gen sentòm ankò san yo pa pran medikaman pandan 24 èdtan. Elèv ki gen sentòm ki sanble avèk COVID, men ki pa konnen yo te gen okenn kontak ak moun ki gen COVID, DWE rete ann izolasyon lakay yo pou omwen 10 jou pa rapò ak lè premye sentòm yo te parèt E 24 èdtan dwe pase apre dènye lafylèv la E sentòm yo amelyore san yo pa pran medikaman pou redui lafylèv la AMWENSKE elèv la resevwa yon atestasyon negatif nan men doktè li.

## Si yon elèv gen konfirmasyon "Florida Department of Health (FDOH)" (Depatman Sante Florid) nan Miami-Dade li teste pozitif pou COVID-19, ki kalite atestasyon li bezwen pou l ka retounen lekòl?

FDOH ap notifye "District School Health Office (DSHO)" (Biwo Sante Distri Lekòl) la lè elèv la gen yon atestasyon negatif pou l retounen lekòl. DSHO ap notifye direktè lekòl la ki li menm ap notifye paran/gadyen elèv la.

## Si yo mande yon elèv pou l rete an karantèn paske l te gen kontak deprè avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, kilè y ap ba li pèmisyon pou l retounen lekòl?

Si elèv la pa gen sentòm, y ap mande li pou l rete an karantèn pandan 14 jou, kòmanse dat dènye kontak avèk moun ki gen COVID-19 la avan li retounen lekòl. Si elèv la devlope sentòm, li dwe rete takay li pou omwen 10 jou depi premye sentòm yo te parèt la E 24 èdtan dwe pase apre dènye lafylèv la san medikaman pou redui lafylèv la E sentòm yo amelyore.

## Si yo idantifye ou kòm yon moun ki te gen kontak deprè avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19 e yo mande pou w rete an karantèn, èske lòt moun lakay ou ki nan menm travay avèk ou nan Distri lekòl la dwe rete an karantèn tou?

Si lòt moun nan kay la pa t gen kontak deprè avèk yon moun ki teste pozitif, e moun ki an karantèn nan pa gen sentòm, lòt moun nan kay la, tankou frè/sè, pa bezwen ale an karantèn oubyen izole tèt yo. Sepandan, si moun ki an karantèn nan gen sentòm oubyen li teste pozitif, lòt moun ki nan kay la dwe kontakte doktè yo pou yo ka pran yon tès.

## Si yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19, kilè y ap pèmèt li retounen nan andwa travay li?

Anplwaye ki te medikalman konfime yo gen COVID-19, e ki te gen sentòm, ka jwenn pèmisyon pou retounen nan travay si:

- Omwen 10 jou pase depi sentòm yo te fèk parèt; 24 èdtan pase san yo pa gen lafylèv e san yo pa pran medikaman pou redui lafylèv la; sentòm COVID-19 yo amelyore (pa egzanp, tous, souf kout); e yo remèt travay la yon nòt doktè ki di yo ka retounen nan travay.

Anplwaye ki te gen yon ka COVID-19 yo te konfime nan laboratwa, men ki pa t gen okenn sentòm, ka jwenn pèmisyon pou retounen nan travay si:

- Omwen 10 jou pase depi yo te pran yon tès pou virus ki bay COVID-19 la; yo pa santi okenn sentòm; e doktè yo ba yo yon nòt ki di yo ka retounen nan travay.

## Si yon anplwaye te an kontak dirèk avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, kilè l ap ba li retounen nan andwa travay li?

Anplwaye yo dwe rete an karantèn pandan 10 jou apre dènye kontak dirèk yo te genyen avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 e yo ka retounen nan travay si yo pa gen sentòm COVID-19 (pa egzanp, tous, souf kout).

## Ki etap otorite yo ap pran si yon elèv oubyen yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19?

Distri lekòl la ap notifye Depatman sante Florid nan Miami-Dade konsènan chak ka kote yon elèv oubyen yon anplwaye rapòtè tèt li. Yo ap kòmanse yon pwoesis envestigasyon/retrase kontak nan lekòl la imedyatman. Yon pati enpòtan nan envestigasyon an se detèmine kiyès ki te gen kontak deprè avèk moun ki teste pozitif la. Nan majorite ka yo, yo mande moun yo idantifye ki te gen kontak deprè avèk moun sa a pou li ale an karantèn. Aksyon sa yo se sa ki fèt anplis estrateji rediksyon otorite yo kapab enplemante.

## Selon ki kritè yo ka fèmen yon salklas oubyen plizyè salklas oubyen fèmen yon lekòl oswa plizyè lekòl akoz yon ka oubyen plizyè ka COVID-19?

Nan anpil ka, desizyon pou fèmen youn oubyen plizyè salklas oubyen yon lekòl se rezulta envestigasyon konsènan kontak deprè avèk yon moun ki enfekte. Sepandan, desizyon sa yo ap fèt sou yon baz endividyle pou chak lekòl akoz gen anpil faktè ki ka gen enpak sou desizyon final la. Faktè sa yo gen ladan, men yo pa limite ak:

- Kantite ka elèv ak anplwaye ki teste pozitif
- Possiblite pou gen lòt elèv ak anplwaye yo idantifye atravè retrasman kontak ki te ekspoze
- Abilite pou dezenfekte biling lekòl la avan elèv ak anplwaye retounen
- Possiblite pou gen gwo kontaminasyon
- Ka kontaminasyon ki fèt anndan lekòl la
- Abilite pou notifye moun ki afekte yo, selon jou nan semèn nan ak lè yo te rapòte ka yo

## Ki pwosedi ki genyen si yon timoun rive lekòl avèk sentòm ki sanble ak sentòm COVID-19?

Yo ap evalye elèv la, e y ap mande paran li pou vin pran li imedyatman.

Baze sou siy ak sentòm yo, yo ka mete elèv la nan yon chanm izolman jiskaske paran I vin chèche li.

## Ki enfòmasyon ki nan tablo afichaj lekòl yo an e chak konbyen tan yo mete li ajou?

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl leta Miami-Dade County) te kòmanse rapòte ka sou COVID-19 nan tablo afichaj lekòl yo 5 oktòb – lè elèv yo te retounen lekòl. Yo ap rapòte ka elèv ak anplwaye ki fizikman nan lekòl la sou tablo afichaj la, yo mete ajou chak jou. Yo telechaje ka elèv ki teste pozitif pou COVID-19 yo lè FDOH nan Miami-Dade County konfime yo. Tout anplwaye M-DCPS dwe rapòte tèt yo si yo teste pozitif pou COVID-19 ann akò avèk règleman Komisyon Konsèy la. Yo ap telechaje ka anplwaye ki teste pozitif yo yon fwa yo verifye yo atravè yon pwosesis ankèt ki fèt yon fason entèn.

Se direktè lekòl la ki bay nimewo idantifikasiyon lekòl ki reflete nan sistèm nan apre apwobasyon Biwo sante Distri a pou asire yo kenbe kalite done yo. Sa ka lakoz plizyè jou reta nan prezantasyon ka kote anplwaye yo rapòte tèt yo. Pwosesis konfirmasyon pou ka elèv yo, e antre ka sa yo nan sistem nan depann de verifikasyon tès la nan FDOH nan Miami-Dade County.

Antre done nan tablo afichaj la pa menm bagay avèk aktivite diminisyon ki fèt imedyatman nan yon lekòl tankou izolasyon pèsonèl pou ka sispièk/ki pozitif yo, mete anplwaye ak elèv ki te gen kontak deprè ak moun ki pozitif yo an karantèn, e dezenfekte an pwofondè tout kote nan lekòl ki konsène a. Sistèm tablo afichaj Distri pa fèt pou l prezante ka anplwaye ak elèv ki rapòte tèt yo an tan reyèl. Se yon endikatè ki travay lantman e yo pa dwe entèprete li kòm yon sistèm notifikasyon imedyat pou ka yo. Fanmi ak anplwaye pa dwe konte sou tablo afichaj la pou yo resevwa enfòmasyon konsènan ka nan lekòl yo oubyen nan andwa travay yo paske yo gen pou yo aprann enfòmasyon sou ka rapò pèsonèl yo byen alavans parapò ak sa ki afiche sou tablo afichaj la.

## Ki pwosedi ki genyen pou rapòte yon dyagnostik COVID-19 ki fèt lakay?

Si nenpòt moun lakay yon elèv teste pozitif pou COVID-19, paran/gadyen yo dwe rapòte rezulta yo pèsonèlman e imedyatman bay lekòl la(yo). Apre lè lekòl oubyen nan wiken, yo dwe rapòte ka sa yo lè yo rele 305-995-3000. Ansuit, direktè lekòl la ap rapòte ka a bay DSHO.

## KOMINIKASYON EFIGAS ANT FANMI AK LEKÒL YO



Fanmi se sèl enflyans ki pi enpòtan nan lavi yon timoun. Pitit ou a se moun li ye a poutèt ou ak sipò, lesón,

e konsèy ou bay chak jou. Rechèch montre lè fanmi ak edikatè travay ansanm kòm patnè egal e angaje yo nan yon konvèrsasyon ale vini enpòtan. Premye etap konvèrsasyon ale vini ant lekòl ak lakay se asire lekòl pitit ou a gen enfòmasyon ajou sou fason pou kontakte ou. Si w te demenaje resamman, rele lekòl pitit ou pou bay enfòmasyon ajou sou adrès, nimewo telefòn ak imèl. Se sèl fason pou asire w ap resevwa enfòmasyon de lekòl ou.

Fanmi se patnè ki pi enpòtan nan siksè akademik elèv nou yo, e pwofesè ak administratè nou yo pa ka tann pou yo devlope rapò ki dirab avèk fanmi nou yo ane sa a. Nou ankoraje w pou kontakte pwofesè pitit ou a ak lekòl la pandan ane a. Sonje, se nòmal pou w poze kesyon. Nou vle sèten ou konprann bi akademik pitit ou ane sa a.

Yon bonjan fason pou w konekte avèk pwofesè ptit ou se pwograme yon konferans paran-pwofesè vityèl. Itilize kesyon anba yo pou ede w gide diskisyon yo pandan sesyon an.

1. Ki kesyon ou genyen sou ane lekòl sa a?
2. Kisa ki enkyete w?
3. Kisa ou vle pitit ou akonpli ane sa a?
4. Ki kote ou ka jwenn èd adisyonèl pou pitit ou ane sa a si l bezwen li?
5. Ki pi bon fason ou ka kontakte pwofesè ptit ou a? Èske yo pito telefòn oubyen imèl?
6. Ki objektif pwofesè ptit ou ane sa a? Kisa yo pral akonpli?

Li enpòtan pou pataje enkyetid ou e kominike ouvètman ak pwofesè ptit ou a. Konnen fason ptit ou a ap travay lekòl – akademikman, emosyonèlman, sosyalman, ak mantalman – pral ede ou konprann jan ptit ou pote l an jeneral e pwogrè akademik li. Enfòmasyon ou pataje avèk pwofesè ak administratè ptit ou a pral asire ptit ou resevwa sipò ak edikasyon yo bezwen pou yo jwenn siksè nan lavi. Anplis ou rete aktif regilyèman avèk pwofesè ptit ou, men kèk sijesyon adisyonèl pou rete angaje atravè ane lekòl la:

- Reponn mesaj tèks oubyen imèl pwofesè w yo.
- Tcheke sit entènèt oubyen medya sosyal lekòl ou a pou dènye enfòmasyon jeneral.
- Konekte nan pòtal paran ou an yon fwa pa semèn pou dènye enfòmasyon akademik ak prezans.
- Telechaje aplikasyon 'Dadeschools Mobile'.

Chak bon relasyon baze sou komunikasyon ki enpòtan, regilye youn ak lòt. Lè w gen enkyetid, nou ankouraje w pou suiv chèn sipò M-DCPS la. Li kòmanse nan kominike avèk pwofesè ptit ou a. Si w toujou gen enkyetid, pwochen etap kontak la se ta dwe yon asistan direktè nan lekòl ptit ou a. Si pa gen solisyon, li ka apwopriye pou w kontakte direktè a. Si toujou pa gen rezolisyón, biwo rejyon an an ka yon pwochen etap ki apwopriye. Nou tout la pou sipòte w e nou vle asire w yo tandé enkyetid ou yo. Nou rekonèt ka gen faktè ki koze estrès ak anksyete ane sa a, e nou ladan yo ansanm!

## TI KONSEY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

**Kreye yon Anviwònman  
Aprantisaj ki Kreyatif**  
<https://bit.ly/3kFQssd>

## REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

**17 novanm**  
10:00 dimaten  
Reyinyon Òganizasyonèl


**18 novanm**  
1:00 nan aprèmidi  
Reyinyon Regilye

**9 desanm**  
11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

## DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

**25 Novanm**  
Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

**27 Novanm**  
Vakans pou Jounen Remèsiman



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSCConnects

## MEDYA SOSYAL



@MDCPS  
@EscuelasMDCPS  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



@MiamiSchools

**Komisyón Konsèy  
Lekòl Miami-Dade  
County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Doktè Marta Pérez
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Alberto M. Carvalho
Susie V. Castillo	Sipèntandan Lekòl yo
Doktè Lawrence S. Feldman	Maria Martinez
Doktè Martin Karp	Konsèye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la
Doktè Lubby Navarro	